МКОУ «Кутишинская СОШ»

Доклад

на тему:

«Авар адабияталъул дарсил кьуч1алда мац1 ц1уни –щивасул борч».

Подготовила учительницвница :
Алиева Нурбика Саидгаджиевна.

Авар адабияталъул дарсил кьуч1алда мац1 ц1уни – щивасул борч.

Аваразул пашманлъи ккола авар мац1 лъач1ел лъимал г1олел ругони. Нилъее умумуз ирсалъе тун буго берцинаб,г1акъилаб, нилъ рит1ухълъиялде рачунеб , к1удиязул адаб, гьит1иназул х1урмат ц1унулеб мац1.

Мац1алъул дарсазда щвараб лъайгун – бажариялда мугъч1вайги гьабун, т1орит1ула нилъеца авар адабияталъул дарсазда калам цебет1езабиялъул х1алт1аби.

Авар адабият гьеч1они, миллат бук1инищ? Дагъистан г1уц1арал маг1арулазул , мац1 ва адабият гьеч1они, тарих кин хъвалеб?

Гьединлъидал авар мац1алъул ва авар адабияталъул дарсазул кьуч1алда мац1 ц1уни – нилъер щивасул борч буго.

Миллаталде рокьи жакъа ц1орозе тани,ц1орола нилъер рак1азулъ ва лъималазул рак1азулъ ях1ги иманги.

Гьелъие нилъее кумек гьабизе буго нилъеца дарсазда т1орит1улел практикиял х1алт1абазги, церерахъиназги, балъаргъиязги,кицабазул ва абиязул рахсазги, малъа –хъваязги.

Масала: Рахьдал мац1 бищулел г1исинал ,лъимал.

«Мама», -ян абизе ругьун гьаруге,

«Эбел» - янги абун х1айранлъизаре.

Инсуй пайдаялъе г1ун бач1унеб г1ел,

«Папа»- ян ах1доге, дадаян абе.

Маг1арул мац1 ва адабият лъаларел лъимал , маг1арулал кин кколел ?

Жакъа ц1ар хут1ун буго,метер ккелеб лъаларо.

Умумуздасан бач1араб аби буго: «Бач1инаго лълъар кквеч1они, лъутун инаго рач1 кквезеги щвеларилан».

Нилъее жакъа къвариг1ун буго школалда авар мац1алъул ва адабияталъул дарсазда к1вараб иях1 бахъун мац1 ц1унизе.

Масала, т1орит1изе бегьула гьадинал диалогал.

Нижеда ,,кь,, гьаракь малъе, кьурабазул хасият хут1изе дир каранда.

,,Къ,, гьаракь малъе нижеда,къвак1и, къох1ехьей лъазе,къвак1араб кьуру г1анлъун, ях1алъул хъулби разе...

Гьединго т1обит1изе бегьула гьаб балъаргъи.

Хьит рет1унаго,Расул

Хьолбоде рехун ана.

Хьонбак1идаса вортун,

Хьваг1ун ч1арбиде ккана.

Хьит г1антаб жо бугилан.

Хьибилги ккун,г1одана.

Хьуризабизе кколин,

Хьваг1ун къот1нобе ана.

Хьухьарал щватабазулъ

Хьанделев Расул вуго,

Хьуц1илъ къараб къверкъ г1адин,

Хьитги х1арщулъ къан буго.

Дир х1исабалда,гьединал тадбирал т1орит1ани дарсазда,мац1 ва адабият ц1унизе кумек гьабила.Адабияталъул ирс ц1унун бажари нилъее к1удияб хазина буго.Гьеб якъинго бихьула рахьдал мац1алъул анкь т1обит1улеб мехалда.Гьенир лъималаз жидерго махщел жеги камиллъизабула.Т1олго дунялалъул рахьдал мац1алъул къо тасдикъ гьабуна 1999 соналъул ноябралда Юнескоялъул Генералияб конференциялъ.

2000 соналъул 21 февралалдаса байбихьун гьеб к1одо гьабулеб буго т1олабго дунялалдаго. Авар мац1алъул ва адабияталъул дарсазул к1вар борхизе гьелде лъималазул рокьи ц1ик1к1ине дица г1емерал бат1и – бат1иял тайпаялъул дарсал г1уц1изе х1аракат бахъула, кьола бат1и-бат1иял т1адкъаял (халкъиял куч1дул рак1аризе, кицаби –абиял хъвазе,ва гьезул маг1на лъазабизе,цересел маг1арулазул г1адатазулги ц1ехон хъвазе,тухум- кьибилалъул ц1ехезе.)

Т1орит1изе бегьула адабияталъул вечерал.

План:

1.Доклад «Мац1 гьеч1они,гьеч1о миллат»

2.Викторина «Лъай дун»

3.Маг1арул бакънал т1ад рачунел инструментазда ц1арал рицине.

4.Маг1арул коч1охъаби(ах1улеб коч1охъ г1енеккун,коч1охъанасул ц1ар бицине)

5.Конкурс «Маг1арулазул кьурди».

6.Маг1арул инструментазда бакънал рачи.

7.Маг1арул ч1ужуг1аданалъул рет1ел – хьит конкурс.

8.Кицаби,абиял,фразеологиял сверелазул маг1на бицине.

Гьединал х1алт1абаз ц1алдохъабазе маг1арул г1адат-г1амалазул бич1ч1и кьола, ва лъаг1алида жаниб цо нухалъниги гьединал дандеруссинал т1орит1ани лъик1аб ва беццараб бук1ина.

Гьединал тадбирал т1орит1ани кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе,рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Школалда малъизе гьединго рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал асарал.

Масала: «Муг1рузул Г1али», «Кьурулъ хут1арав Г1али»...

Гьединго «Шамилил суд» Мунги Ах1мад.

«Г1умруялъул дарсал», «Айдемир ва Умайгьанат». Ц1адаса Х1амзат .

Гьединал асаразда т1асан церерахъин,бах1сал-конференциял,литературиял х1аял,пасих1го куч1дул,харбал ц1алиялъул къецал т1орит1ани,лъаялъул х1асилал камиллъила ва гъварилъила.

Гьединго концертазде,киноялде,театразда цадахъ ин ва бихьаралда т1асан гара-ч1вари г1уц1и,поэтазул ва хъвадарухъабазул бак1азде сапарал гьари,литературиял музеялде щвей,халкъиял к1алзул гьунаралъул

асарал рак1ари,малъарал асаразда т1асан суратал рахъи г1адал тадбирал т1орит1изеги бегьула.

Жакъа къоялда гьелъ нилъер лъималазул хазина гъварилъизабила.Гьелъ лъимал ругьун гьарула асараздe гъорлъе раккизе ,пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъазе,гьелъул кьуч1алда нилъее рес кьола авар адабияталъул дарсазда мац1 ц1унизе,гьеблъидал нилъер борчги кколеб.

Дир х1исабалда,гьелъул х1асилалда,рак1 ч1арал къеркьохъаби г1езаризе,гьезул калам бац1ц1адаб зобг1адаблъун балъаргъизе бигьалъила.Жакъа рахьдал мац1 ва адабият т1аг1унеб ва гьеб т1еренлъулеб мехалд,гьединал ресаздаса пайдаги босун,ц1алдохъабазул рух1ияб рахъ лъадаризе авар адабияталъул дарсазда т1адаб буго.

Лъималазда нилъеца бич1ч1изабизе ккола г1акълу инсанасул бит1арабги т1екъабги жанисан бихьулеб мат1у бук1ин.

К1удияб кумек гьабула гьединго асаразул анализ ва гьелъие къимат кьун лъималазухъа бажариялъги.Гьезул лъаялъул роцадул рахъ к1одолъула,маг1на гъварилъула,каламалъул культура бечелъула,пикраби кьуч1аллъун гьарула.

Авар адабият ккола нилъер лъуг1и гьеч1еб хазина.Гьеб цебет1еялъул пикру гьабураб мехалъ ,дида цере ч1ола цоцазда гъуждулги цун,зодихъе т1огьалги рит1ун ч1арал муг1рул рахсал.

Х1акъикъаталдаги цоцахъе т1илги кьун, бак1иде рахъине гьарулел васал ва ясал г1адин,коч1охъанас коч1охъан хисун,борхалъиялде бахун ц1ун бач1уна г1ажаибго бечедаб хазина адабияталъул.

Масала: Коч1ол къец-«Бак1иде рахъин».

-Ма духъего т1илги,т1инай Меседо,

Т1агърикь берал чалух ваче бак1иде…

_Ма духъего т1илги,т1инав г1олилав,

Т1авусил рас бугей ясалда кьабе…

«Умумузул анищ».

Яс-вас.

-Векерун куй босарав,

Керен ч1ван оц босарав,

Агъалда гъалбац1илав,

Гъажалда рит1уч1илав...

-Берцинал къач1алалде

Къолое хур лъилъулей,

Баг1ар бакъ баккилалде,

Ч1арал мугь ц1ун яч1унейн...

«Векьарухъанасул хьул».

-Я,Аллагь квер бит1араб батаги,

Кинабго росдае буччун ц1олеб батаги;

Ич1анкь гьабун т1ерщаги,

Т1орда мугь х1аллъаги;

Хурисан гьелчелаго бач1аги,

Цоргъонисан гьунарого чвахаги...

Гьединаб бечедаб,г1ат1идаб,камилаб ирс нилъеца ц1унизе ккола ясбер г1адин.Жиб-жиб ишалъул цебет1ей ц1уни,нилъер щивасул борчлъун ккола.Щакдарич1ого,къуватгун гъирагун х1алт1анани,х1асил ц1убараб ва камилаб бук1ина.

Мисалалъе росизин Расул Х1амзатовасул раг1аби «Азарго мац1 лъаниги,рахьдал мац1 лъач1онани,лъай бугев г1аданлъун дун кидаго вук1инаро».

«Жидерабго к1очон,чияраб лъарав.

Лъай бугев чи гуро,щив вук1аниги».

«Гьари-рахьи».

Щивасул рак1алъе хинлъи гьарула,

Хиянатлъи гьеч1ел г1елал гьарула.

Муг1алимзабазул малъараб г1акълу

Г1адалъе босулел лъимал гьарула…

Адабиял дарсаздасан

Данде гьабураб доклад,

Гьаб бак1алда лъуг1араблъун,

Бегьула гьанже рик1к1ине.